

Revni Sekirite Siplemanntè (SSI) Pou Moun Ki Pa Sitwayen Ameriken



Kimoun ki ka resevwa Revni Sekirite Siplemanntè?

Anjeneral, si ou pa yon sitwayen ameriken nan youn nan sèten group imigrasyon akòde nan Depatman pou Sekirite Nasyonal, ou ka elijib pou resevwa SSI si:

- Ou t ap viv legalman Ozetazini depi 22 dawou 1996, epi ou avèg oswa malad/enfim;
- Ou tap resevwa Revni Sekirite Siplemanntè apati 22 dawou, 1996, epi ou legalman ap viv Ozetazini; oubyen
- Yo te admèt ou legalman pou rezidans pèmanan anba Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite (INA) epi ou gen yon total 40 kredi travay Ozetazini. (Travay madanm/mari oswa paran ou ka konte tou.)

Enpòtan: Si ou antre Ozetazini avan ou apre 22 dawou, 1996, alò ou pa elijib pou SSI pandan senk premye lane ke ou legalman genyen rezidans pèmanan menm si ou kalifye pou 40 kredi travay.

Men kèk lòt moun ki pa sitwayen ameriken ki ka elijib pou peman SSI:

- Manm aktif fòs lame Etazini;
- Endyen Ameriken ki fèt deyò peyi Ozetazini;
- Sèten moun ki pa sitwayen ameriken epi yo admèt yo kòm imigran Ameriken-Azyatik; epi
- Patisipan Kiben ak Ayisyen yo.

Gen lòt ti gwoup moun ki pa sitwayen ameriken ki ka elijib tou pou peman yo. Si ou pa yon sitwayen ameriken epi ou vle aplike pou peman SSI, li pi bon pou ou kontakte nou pou wè si ou elijib.

Limit setan pou kèk moun ki pa sitwayen ameriken

Kèk refijye epi lòt moun ki pa sitwayen ameriken ka resevwa SSI pou setan. Si peman SSI ou limite pou setan akòz estati espesyal ou genyen kòm moun ki pa sitwayen ameriken, n ap voye ba ou yon lèt pou endike ou kilè peryòd setan an ap fini. N ap voye ba ou yon lèt lèt pou eksplike ou dwa ou genyen pou fè yon apèl avan nou sispann peman ou yo.

Si ou se yon benefisyè aktyèl oswa ansyen SSI ki kapab kalifye pou SSI selon limit sèt lane a, nou ankouraje w kontakte Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS) pou jwenn kijan pou :

- Akselere tretman pwosesis natiralizasyon ou (N-400) oswa aplikasyon pou ajisteman estati (I-485) ; e
- Anile chaj pou frè ki asosye ak depo aplikasyon ou.

Ou menm (oswa reprezantan ou) kapab rele USCIS gratis nan **1-800-375-5283** (tann opsyon SSI sou meni presipal la), oswa **1-800-767-1833** si ou pa kapab tande oswa ou malantandan (TTY) e mande pou tretman akselere a. Ou kapab mande yo akselere demann ou alekri oswa ale nan biwo USCIS pèsonèlman pou fè demann tretman akselere a. Si ou vle jwenn plis detay konsènan anilasyon chaj yo, rele USCIS nan nimewo gratis ki anlè a, kontakte biwo USCIS lokal ou oswa vizite sit Wèb USCIS la nan www.USCIS.gov/feewaiver.

Kredi travay

Istwa travay yon moun detèmine elijiblite li pou benefis Sekirite Sosyal, menm jan ak elijiblite pou benefis SSI pou kèk moun ki pa sitwayen ameriken. Yon moun genyen "kredi travay" baze sou kantite lajan ou fè. Chak ane kantite lajan salè ki nesèsè pou yon kredi travay ogmante lejèman pandan nivo salè mwayen yo ap ogmante.

Pou benefis Sekirite Sosyal, Yon moun kapab genyen 4 kredi maksimòm chak ane. Limit sa sou kredi pa aplike pou benefis SSI pou moun ki pa sitwayen ameriken. Yon moun ki pa stwayen ameriken kapab resevwa tou jiska 4 kredi anplis pa lane nan travay madanm/mari oubyen travay paran. Kredi travay yo rete nan dosye Sekirite Sosyal yon moun pou toutan. Kredi travay anplis yo pa poste nan dosye yon moun ki pa sitwayen ameriken epi yo pa konte pou benefis Sekirite Sosyal. Pou plis enfòmasyon, wè kopi piblikasyon *Kijan Ou Gen Kredi* (SSA Piblikasyon No. 05-10072-HC).

(lòt bò a)

Nou bezwen prèv sitiyasyon ou

Lè ou aplike pou SSI, ou dwe pwouve estati ou kòm moun ki pa sitwayen ameriken. Moun ki pa sitwayen ameriken ki te sèvi nan fòs lame Etazini ka bezwen bay prèv sèvis militè yo tou. Sa yo se egzanp prèv ou ka bezwen bay:

- Kòm prèv estati ou kòm moun ki pa sitwayen ameriken—yon fòm regilye I-94 oswa I-551 ki sòti nan Depatman pou Sekirite Nasyon (DHS) oswa desizyon yon jij imigrasyon ki retire depòtasyon ou oswa ki akòde ou azil; oswa
- Kòm prèv sèvis militè—papyè ki montre ke ou te nan militè Etazini (DD Fòmilè 214) ki montre ke ou soti nan lame avèk onè ki pa baze sou estati ou kòm moun ki pa sitwayen ameriken.

Biwo lokal Sekirite Sosyal ou ka di ou ki lòt kalite prèv ou ka montre pou pwouve estati ou.

Enfòmasyon sou Medicaid

Si ou gen pwoteksyon Medicaid ki baze sou SSI ou, Medicaid ou ta dwe kontinye toutotan ou ap resevwa SSI.

Ou ka prezante yon nouvo reklamasyon

Si peman SSI ou sispann poutèt ou pa yon sitwayen ameriken ki elijib, ou ka aplike ankò. Kontakte nou touswit si ou vin sitwayen ameriken, si estati imigrasyon ou vin chanje epi si ou panse ou kalifye ou gen 40 kredi travay. Ou ap bezwen pote ban nou sètifika natiralizasyon ou oswa lòt dokiman ki montre sitiyasyon imigrasyon ou.

Si ou gen yon sipòtè

Lè ou te antre Ozetazini, ou te ka jwenn yon moun siyen yon akò pou ba ou sipò. Akò sa a rele yon afidavi sipò, epi moun ki te siyen li a rele sipòtè ou.

Nou konsidere revni ak resous sipòtè ou oswa madam/mari kòm revni ak resous pa ou depi nan moman ou te vini Ozetazini. Biwo lokal Sekirite Sosyal ou ka ba ou plis enfòmasyon sou règleman sa yo avèk sa yo vle di pou ou.

Nimewo Sekirite Sosyal

Si ou pa yon sitwayen ameriken, men ou se yon rezidan legal ki gen pèmasyon pou travay Ozetazini, ou ka bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal. Mande bibliyasyon nou an, *Nimewo Sekirite Sosyal Pou Moun Ki Pa Sitwayen Ameriken* (Pibliyasyon Nimewo 05-10096-HC).

Kòmman pou vin yon sitwayen ameriken

Pou aprann plis kòmman pou vin yon sitwayen ameriken, rele biwo Etazini Sitwayen Ameriken ak Sèvis Imigrasyon (USCIS) gratis nan nimewo telefòn **1-800-375-5283** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou an, **1-800-767-1833**). Oubyen tou ou kapab kontakte biwo (USCIS) ki nan lokal ou oswa ou ka ale sou sit antènèt nan www.uscis.gov.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon konsènan SSI pou moun ki pa sitwayen ameriken, al gade paj ki gen « enfòmasyon adisyonèl » nou sou Entènèt nan www.socialsecurity.gov/pubs/11051-sup.html.

Sit Wèb nou se yon resous enfòmasyon ki gen valè osijè pwogram Sosyal Sekirite a. Gen divès bagay ou kapab fè sou Entènèt.

Anplis sit wèb nou, ou kapab rele nou gratis nan **1-800-772-1213**. Nou trete tout apèl avèk konfidansyalite. Nou ka reponn kesyon espesifik de 7è a.m. rive 7è p.m., Lendi a Vandredi. Nou kapab jwenn yon entèprèt pou w gratis ki pral pran telefòn la oswa ki kapab vini nan biwo lokal nou. Epi tou nou founi enfòmasyon nan telefòn otomatik 24è sou 24. (Ou kapab sèvi ak sistèm repons automatik nou pou di nou yon nouvo adrès oswa pou mande yon lòt kat Medicare ranplasman). Si ou pa kapab tande oswa ou malantandan, ou kapab rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**.

Nou vle asire tou ou resevwa sèvis egzat ak koutwa. Se pou rezon sa a nou genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.